

# Deklarasyon Dwa Travayè yo



Bill de Blasio  
Mayor

**Consumer  
Affairs**

Lorelei Salas  
Commissioner

**Kreyòl Ayisyen  
Haitian Creole**

Travayè nan Vil New York yo gen dwa kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon.

Biwo Pou Règleman ak Estanda Travay (Office of Labor Policy & Standards, OLPS) nan Depatman Zafè Konsomatè a (Department of Consumer Affairs, DCA) se resous santral nan Vil New York pou travayè yo.

Pou kontakte DCA:

- Rele 311 (212-NEW-YORK si ou pa nan Vil New York)
- Imèl [OLPS@dca.nyc.gov](mailto:OLPS@dca.nyc.gov)
- Ale sou sitwèb [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca)

## Sa ki nan Liv la

### Dwa ou yo

Konje Maladi ak Sekirite Peye . . . . .	2
Dwa pou Rasanble . . . . .	3
Salè Minimòm . . . . .	4
Tan Siplemantè . . . . .	5
Yon Travay San Diskriminasyon. . . . .	6
Peye pou Travay ou Fè Kòm yon Travayè Endepandan . .	7
Sekirite ak Sante nan Travay la . . . . .	8

### Pwoteksyon pou Sektè ak Travayè Espesifik

Sektè Rad la . . . . .	9
Travayè nan Sèvis Bildung . . . . .	9
Travayè nan Konstriksyon . . . . .	10
Travayè Domestik . . . . .	10
Travayè nan Restoran Manje Rapid. . . . .	11
Travay Kontra ak Gouvènman . . . . .	11
Travayè nan Makèt . . . . .	12
Timoun Minè . . . . .	12
Travay nan Estidyo Zong . . . . .	12
Travayè ki Touche Poubwa . . . . .	13



## Konje Maladi ak Sekirite Peye

Si ou travay nan Vil New York pou plis pase 80èdtan nan yon ane, ou kapab gen dwa pou gen jiska 40èdtan konje sekirite ak maladi ou

kapab itilize pou tèt pa w oswa pou ede nenpòt moun ou konsidere ki fanmi w.

Itilize konje maladi pou jwenn swen ak tretman.

Itilize konje sekirite pou chèche èd oswa pou pran lòt mezi sekirite akòz nenpòt menas oswa zak vyolans nan kay, kontak seksyèl moun pa vle, pèsèkisyon oswa trafik moun.

Si gen senk (5) oswa plis anplwaye nan travay ou a, ou gen dwa pou genyen konje maladi ak sekirite ki *peye*.

Si gen pi piti pase senk (5) anplwaye nan travay ou a, ou gen dwa pou jwenn konje maladi ak sekirite ki *pa peye*.

Si ou se yon anplwaye kay, al gade nan paj 10.

Li ilegal pou yon patwon pran revanch kont ou paske ou mande oswa itilize konje maladi ak sekirite.

Pou jwenn enfòmasyon oswa pou depoze yon plent ak DCA:

- Rele **311** (212-NEW-YORK si ou pa nan Vil New York)
- Ale sou sitwèb **[nyc.gov/PaidSickLeave](https://nyc.gov/PaidSickLeave)**
- Imèl **[PSSL@dca.nyc.gov](mailto:PSSL@dca.nyc.gov)**

*Selon lwa federal, ou kapab gen dwa pou pran plis konje san peye nan travay: Kèk moun ki travay pou konpayi ki gen plis pase 50 anplwaye ka pran jiska 12 semèn konje san peye chak ane pou pran swen tèt yo oswa yon fanmi oswa pou pase tan ak yon nouvo timoun. Ou ka pran tout konje a yon sèl kou oswa ou ka pran li detanzantan.*

*Koumanse janvyè 2018, pifò travayè yo nan New York ap kalifye pou pran konje fanmi peye pou yo kapab etabli lyen avèk yon tibebe ki fenk fèt, swen yon fanmi pwòch ki gen yon pwoblèm sante grav oubyen abòde sèten bezwen fanmi militè yo konn genyen. Kantite konje ak salè yo peye a pral fèt ti kras pa ti kras pandan kat (4) lane, kòmanse sou wit (8) semèn y ap peye a 50% salè travayè a an 2018.*

Pou jwenn enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte:

**U.S. Department of Labor**  
866-487-9243 | [dol.gov/whd](http://dol.gov/whd)

**U.S. Department of Labor Division Office in NYC**  
212-264-8185

**New York State Paid Family Leave**  
844-337-6303 | [ny.gov](http://ny.gov), Chèche “Paid Family Leave”

## Dwa pou Rasanble

Ou ka rasanble ak kolèg travay ou yo nan plizyè aktivite konsènan zafè travay ki enpòtan pou nou, tankou si nou vle yon sendika reprezante nou ou pa. Patwon yo pa ka menase, fè diskriminasyon, oswa pran lòt aksyon kont ou paske w ap rasanble oswa pale ak kolèg travay ou yo sou kondisyon travay la.



Pou jwenn enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte:

**National Labor Relations Board**  
866-667-NLRB | 866-667-6572 | [NLRB.gov](http://NLRB.gov)

[Kontinye nan pwochen paj la >](#)

## **New York Regional Office (Manhattan/Bronx)**

26 Federal Plaza, Room 3614  
New York, NY 10278  
212-264-0300

## **Brooklyn Regional Office (Brooklyn/Queens/Staten Island)**

2 MetroTech Center  
100 Myrtle Avenue, 5th Floor  
Brooklyn, NY 11201  
718-330-7713

## **Salè Minimòm**



Fòk ou touche pou tout èdtan ou te travay, epi sa gen ladan travay avan ak/oswa apre lè ou te pwograme pou travay la ak tan pou pase ap vwayaje pandan jounen travay la.

Depi 31 desanm 2017, salè minimòm sa yo aplike:

<b>Salè Minimòm nan Vil New York – Orè Salè yo</b>	<b>12/31/17</b>	<b>12/31/18</b>	<b>12/31/19</b>
<b>Konpayi nan domèn Restoran yo</b>			
Nenpòt kantite travayè	\$13.50	\$15.00	
<b>Tout Lòt Konpayi</b>			
10 oswa mwens travayè	\$12.00	\$13.50	\$15.00
11 oswa plis travayè	\$13.00	\$15.00	

*Gen yon salè espesyal pou travayè ki touche poubwa yo.*

Pou jwenn enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte:

**New York State Department of Labor**

888-469-7365 | [labor.ny.gov](http://labor.ny.gov)

**New York State Department of Labor**

– NYC District Office

212-775-3880

**U.S. Department of Labor**

– Division Office in NYC

212-264-8185



## Tan Siplemanntè

Si ou travay pou plise pase 40 èdtan nan yon semèn, patwon ou dwe peye ou omwen 1.5 fwa salè nòmal ou pou tan ou travay ki depase 40 èdtan an.

Pou jwenn enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte:

**New York State Department of Labor**

888-469-7365 | [labor.ny.gov](http://labor.ny.gov)

**New York State Department of Labor**

– NYC District Office

212-775-3880

**U.S. Department of Labor**

866-487-9243 | [dol.gov/whd](http://dol.gov/whd)

**U.S. Department of Labor**

– Division Office in NYC

212-264-8185



## Yon Travay San Diskriminasyon

Lwa minisipal, eta, ak federal entèdi diskriminasyon kont yon travayè ki baze sou:

- Laj li
- Sitiyasyon li kòm Etranje oswa Sitwayènte li
- Koulè li
- Andikap li oswa Andikap yo Panse li genyen
- Sèks li, oswa Sèks li Idantifye Tèt li (sa gen asèlman Seksyèl ladan tou)
- Si li Marye oswa nan yon Relasyon
- Orijin Nasyonal la
- Si li Ansent
- Ras li
- Relijyon / Kwayans li
- Oryantasyon Seksyèl li
- Dosye Arestasyon oswa Kondanasyon li
- Si li gen yon Moun l ap bay swen
- Dosye Kredi Konsomatè li
- Dosye Chomaj li
- Dosye li kòm Viktim Vyolans Domestik, Asèlman, ak Vyòl
- Vanjans paske li Opoze Kont Pratik Diskriminasyon
- Jenetik
- Sitiyasyon Familyal
- Sitiyasyon Militè

Lwa a entèdi diskriminasyon nan desizyon ki afekte kondisyon travay.

Pou jwenn enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte:

### **NYC Commission on Human Rights**

Call 311 or 718-722-3131 | [nyc.gov/humanrights](http://nyc.gov/humanrights)

### **U.S. Equal Employment Opportunity Commission**

800-669-4000 | [eoc.gov](http://eoc.gov)

### **New York State Division of Human Rights**

888-392-3644 | [dhr.ny.gov](http://dhr.ny.gov)



## Peye pou Travay ou Fè Kòm yon Travayè Endepandan



Si ou se yon travayè endepandan nan Vil New York, ou gen dwa sa yo:

### ▪ **Kontra Ekri**

Tout kontra ki vo \$800 oswa plis dwe fèt alekri. Sa a gen ladan tout akò ant ou menm ak moun ki anboche ou a ki totalize a \$800 nan nenpòt peryòd 120 jou. Kontra ekri yo dwe detaye travay ou gen pou fè a; konbyen w ap touche pou travay la; ak dat w ap touche a. Ou menm ak moun ki anboche ou a dwe kenbe yon kopi nenpòt kontra ki ekri.

### ▪ **Peye a Lè**

Moun ki anboche ou a dwe peye ou pou tout travay ou fin fè. Ou dwe touche nan dat ki sou kontra a oswa avan sa a. Si kontra a pa gen yon dat peman ladan, moun ki anboche ou a dwe peye ou nan lespas 30 jou apre ou fini ak travay la.

### ▪ **Dwa pou Pote Plent**

Ou ka pote plent pou moun ki te anboche ou a nan tribinal pou rekipere sa li dwe ou. Si ou pa touche a lè pou travay ou, ou gen dwa pou touche de (2) fwa lajan li pa te peye ou a, pou domaj pou vanjans, ak peman ou frè ak depans avoka yo.

Pou jwenn enfòmasyon oswa pou depoze yon plent ak DCA:

- Rele **311** (212-NEW-YORK si ou pa nan Vil New York)
- Imèl **Freelancer@dca.nyc.gov**
- Ale sou sitwèb **nyc.gov/dca**

## Sekirite ak Sante nan Travay la



Travay ou pa sipoze gen okenn danje pou sante ak sekirite. Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon ak fòmasyon konsènan danje nan travay.

Pou jwenn enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte:

### **Occupational Safety and Health Administration (OSHA)**

800-321-OSHA | 800-321-6742 | [OSHA.gov](https://www.osha.gov)

#### **Manhattan Area Office**

201 Varick Street, Room 908

New York, NY 10014

212-620-3200

#### **Queens District Office of the Manhattan Area Office**

45-17 Marathon Parkway

Little Neck, NY 11362

718-279-9060

Epi tou ou kapab kalifye pou konpansasyon pou kouvri yon pati nan salè ou ak tretman medikal ou si ou souffri yon chòk nan travay la, kèlkeswa moun ki gen tò a.

Pou jwenn enfòmasyon oswa pou depoze reklamasyon pou konpansasyon travayè, kontakte:

#### **New York State Workers' Compensation Board**

877-632-4996 | [wcb.ny.gov](https://www.wcb.ny.gov)

#### **Brooklyn District Office (Brooklyn, Staten Island)**

111 Livingston Street, 22nd Floor

Brooklyn, NY 11201

#### **Manhattan District Office (Bronx, Manhattan)**

215 West 125th Street

New York, NY 10027

## Queens District Office

168-46 91st Street, 3rd Floor  
Jamaica, NY 11432

## Sektè Rad la

Travayè nan sektè rad la dwe touche omwen salè minimòm nan ak tan siplemantè, menmsi y ap travay sou kontra. Konpayi yo dwe anrejistre ak Depatman Travay Eta New York (New York Department of Labor) pou opere nan New York.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou:

- **labor.ny.gov** epi chèche “Apparel Industry Task Force” (Eta New York)
- **dol.gov** epi chèche “Wage and Hour Division” (Etazini)

## Travayè nan Sèvis Bilding

Selon kalite bilding w ap travay la, ou ka kouvri sou yon lwa ki egzije pou konpayi w ap travay la peye plis pase salè minimòm nan.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **labor.ny.gov** epi chèche “building service industry”.

Lwa Travayè nan Sèvis Bilding Deplase Vil New York la (NYC’s Displaced Building Service Workers Act) egzije pou sèten pwopriyetè, manadjè, kontraktè, ak lokatè komèsyal bilding kenbe anplwaye nan sèvis bilding yo te deja genyen yo pou yon peryòd tranzisyon 90 jou. Nan fen peryòd tranzisyon an, yo dwe ofri ou pou kontinye travay si nouvo konpayi a satisfè ak travay ou.

[Kontinye nan pwochen paj la >](#)

Kontakte Biwo pou Règleman ak Estanda Travay DCA a pou jwenn plis enfòmasyon:

- Imèl bay **OLPS@dca.nyc.gov**
- Ale sou sitwèb **nyc.gov/dca**

## Travayè nan Konstriksyon

Si ou se yon travayè nan konstriksyon nan Eta New York, jeneralman yo konsidere ou kòm yon anplwaye ki gen pwoteksyon lwa travay yo. Ou ka al chèche konsèy jiridik si ou se yon travayè nan konstriksyon y ap trete tankou yon travayè endepandan.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **labor.ny.gov** epi chèche “construction workers”.

## Travayè Domestik

Si ou se yon travayè nan kay, tankou yon bòn timoun, yon moun ki fè menaj oswa ki bay asistans swen sante lakay, Deklarasyon Dwa Anplwaye Kay New York la ba w dwa pou touche salè pou ovètaym, yon jou repo chak semèn, twa (3) jou repo peye chak ane, ansanm ak pwoteksyon kont pèsekisyon seksyèl ak akòz ras ou. Lwa Konje Maladi ak Sekirite Peye Vil la ba w konje peye pou maladi ak sekirite anplis chak ane anplis twa (3) jou repo peye chak ane yo.

Kontakte Divizyon Swen Peye nan Biwo Règleman ak Estanda Travay DCA a pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ak resous yo:

- Rele **311** (212-NEW-YORK si ou pa nan Vil New York)
- Imèl bay **PaidCare@dca.nyc.gov**
- Ale sou sitwèb **nyc.gov/dca**

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **labor.ny.gov** epi chèche “domestic worker”.

## Travayè nan Restoran Manje Rapid

Anba la a w ap jwenn salè minimòm yo pou ane 2017 ak 2018.

Orè Salè	12/31/17	12/31/18
	\$13.50	\$15.00

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **labor.ny.gov** epi chèche “fast food workers”.

## Travay Kontra ak Gouvènman

Sèten biznis ki gen kontra ak ajans gouvènman pou fè pwojè travo piblik oswa fè sèten sèvis yo kapab oblije peye anplwaye yo swa yon “salè anvigè” oswa “salè pou viv,” ki kapab pi wo pase salè minimòm nan epi bay yo avantaj oswa yon salè siplemantè.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou:

- **comptroller.nyc.gov** and search “Prevailing Wage” (VII New York)
- **labor.ny.gov** epi chèche “The Bureau of Public Work” (Eta New York)
- **health.ny.gov** epi chèchè “Medicaid Home Care Workers” (Eta New York)
- **dol.gov** epi chèche “Government Contracts” (Etazini)

## Travayè nan Makèt

Si w ap travay nan yon makèt yo te vann, ansyen pwopriyetè a dwe mete ou okouran chanjman nan pwopriyetè a ak dwa travay ou yo. Apre yo fin vann li a, nouvo pwopriyetè a dwe kenbe tout anplwaye k ap travay nan makèt la pou omwen 90 jou apre dat lavant la. Apre 90 jou, nouvo pwopriyetè a ka deside si l ap kenbe travayè ki te deja la yo kòm anplwaye.

Pou jwenn enfòmasyon oswa pou depoze yon plent ak DCA:

- Rele **311** (212-NEW-YORK si ou pa nan Vil New York)
- Imèl **grocerylaw@dca.nyc.gov**
- Ale sou sitwèb **nyc.gov/dca**

## Timoun Minè

Gen limit sou kalite travay ak kantite èdtan timoun ki poko gen 18 lane yo kapab fè.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **labor.ny.gov** epi chèche “Laws Governing the Employment of Minors” (Eta New York).

## Travay nan Estidyo Zong

Deklarasyon Dwa Travayè pou moun k ap fè zong yo egzije pou estidyo yo satisfè sèten kondisyon epi peye salè ki apwopriye.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent:

- Ale nan **labor.ny.gov** epi chèche “nail workers”.
- Rele **Liy Dirèk Gwoup Travay la** nan 888-469-7365.
- Ale nan **labor.ny.gov** (pou pote plent konsènan abi nan seksè estidyo zong la).

## Travayè ki Touche Poubwa

Gen salè ak règ espesyal pou travayè ki resevwa poubwa yo. Pou kalifye pou salè sa yo, yon patwon dwe bay travayè yo pre-avi pou yo konnen y ap reklame kredi pou poubwa epi yo pa ka pran okenn nan poubwa ou yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte:

**New York State Department of Labor**

888-469-7365 | [labor.ny.gov](http://labor.ny.gov)

**New York State Department of Labor**

**– NYC District Office**

212-775-3880

**U.S. Department of Labor**

866-487-9243 | [dol.gov/whd](http://dol.gov/whd)

**U.S. Department of Labor**

**– Division Office in NYC**

212-264-8185

**Nòt**



**Nòt**

**Nòt**

Biwo Règleman ak Estanda Travay nan DCA a se yon vwa ki angaje li nan gouvènman Minisipalite vil la pou travayè yo. Ak yon responsablite pou ede travayè li fasil pou yo abize yo, OLPS akeyi manda nou pou konsantre sou bagay ki afekte imigran, moun ki pa blan, ak fanm nan travay la.

OLPS:

- **Aplike** lwa minisipal sou travay ki enpòtan.
- **Òganize** rechèch orijinal, sansibilizasyon, ak edikasyon.
- **Devlope** règleman ki adapte ak ekonomi ak mendèv Vil New York k ap chanje a.



Bill de Blasio  
Mayor

## Consumer Affairs

Lorelei Salas  
Commissioner

*Depatman Afè Konsomatè NYC (NYC Department of Consumer Affairs, DCA) pwoteje epi amelyore lavi ekonomik toulejou Nouyòkè pou kreye kominote kap devlope. Atravè travay Biwo Regleman ak Estanda Travay nou an, DCA ede fanmi k ap travay yo vin otonòm kote li ofri yo zouti ak resous yo bezwen pou yo kapab reyalize endepandans finansyè ak ekilib ant travay ak vi pèsònèl yo.*